

Janet T. Mills
Governor

Jeanne M. Lambrew, Ph.D.

Commissioner



Maine Department of Health and Human Services
(Ubushikirangaji bwa Reta ya Maine bujewe Amagara
y'abantu n'ama seruvisi yorohereza kiremwa muntu)
Office of MaineCare Services, Member Services
(Ibiro vy'ama seruvisi akorwa na MaineCare, ama seruvisi
ahabwa abanywanyi)
11 State House Station
Augusta, Maine 04333-0011

Toll Free (Umuhora wo guhamagarako ku buntu): (800) 977-
6740; TTY (ubuhinga bwo kwandika ubutumwa bufasha
abafise ingorane zo kwumva no kuvuga): Hamagara kuri 711
Fax: (800) 314-8775

Gutegekaniriza ugupima COVID-19 ku bantu batari mw'ishirahamwe ritegekaniriza ingwara.

Itariki 12 Rusama 2020

Gutegekaniriza ugupima COVID-19 bisigura iki?

Gutegekaniriza ugupima COVID-19 bifasha kurihira amahera yo gupima COVID-19 abantu basanzwe badafise ishirahamwe ritegekaniriza ingwara ribafasha. Amahera barihirwa nayo gupimwa hamwe no kubonana na muganga no gusuzumwa. COVID-19 bakunze kuyita Koronavirisi. Ugutegekaniriza ugupima COVID-19 ntibirimwo kuriha amahera yo kuvura COVID-19.

None nzorihirwa amahera y'igipimo ca COVID-19 nimba nsanzwe ntegekira ishirahamwe ritegekaniriza ingwara?

Ego cane, urashobora kuronka uburenganzira bwo kurihirwa amahera y'igipimo ca COVID-19 n'ayandi ma seruvisi bijanye. Niyo waronka ubwo burenganzira, ishirahamwe ritegekaniriza ingwara MainCare rizorihira amahera asabwa kugira uronswe ayo ma seruvisi. Ngibi ibisabwa kugira uronke ubwo burenganzira:

- Usanzwe uba muri Reta ya Maine;
- Ufise ubwengehugu bwa Reta Zunze Ubumwe bwa Amerika, uri umunyamerika, canke uri inyambukira ibifitiye uburenganzira, kandi
- Nta shirahamwe ritegekaniriza ingwara urimwo;
 - Nta burenganzira ufise bwo kuvuzwa na MaineCare canke Cubcare, canke ntiwiyandikishije muri ayo mashirahamwe yo gutegekaniriza ingwara;
 - Ntiwiyandikishije muri porogaramu y'amagara y'abantu n'imwe ihabwa uburyo bw'amafaranga na Reta ya Amerika, harimwo na porogaramu zikurikira: Medicare, TRICARE na Veterans Administration (igisata gifasha abahoze ari abasirikare n'imiryango yabo), and federal employee health plans (imigambi ifasha abakozi ba Reta ya Amerika n'imiryango yabo mu bijanye n'amagara y'abantu); kandi
 - ntiwanditswe mu mugambi n'umwe ufasha abakozi kubaho neza kandi nturi umunywanyi w'ishirahamwe ritegekaniriza ingwara.

Mu gupimwa COVID-19, amahera uhembwa hamwe n'amatungo ufise ntibibanza guharurwa.

Kugira ushobore kurihirwa ico gipimo ca COVID-19 hamwe n'ayandi ma seruvisi bijanye, urasabwa kubanza kwuzura [urupapuro rworoshe kandi rugufi rwo kubisabirako](#). Mu gihe uzoba uriko urasaba uko kurihirwa, bazogusaba kwemeza neza ko ata shirahamwe ritegekaniriza ingwara urimwo.

Ni kuberiki nkwiye gusaba ugutegekanirizwa kujanye n' igipimo ca COVID-19?

Ni wapimwa COVID-19 utari mw'ishirahamwe na rimwe ry'ugutegekaniriza ingwara, urashobora gusabwa kuriha ayo ma seruvisi. Niwibaza ko ushobora kuba waranduye COVID-19 hanyuma uwukuvura akemera ko ukwiye kwipimisha, ni vyiza ko ubikora kugira umenye uko amagara yawe yifashe, gutyo umenye uko wifata kugira ntiwandukize umuryango wawe, abagenzi hamwe n'abandi bantu batandukanye.

Ni ayahe ma seruvisi urahirwa?

Nimba ubifitiye uburenganzira, uzorahirwa igipimo ca COVID-19, hamwe n'ayandi ma seruvisi bijanye nko kubonana na muganga no gusuzumwa. Terefona umuvuzi imbere yo kuja kumuraba kuko arashobora kugusuzuma biciye mu kiyago mugiranira kw'iterefone canke akuravye iyo mwakoresheje bwa buhinga bwa none butuma ubona uwo uriko uraterefona, gutyo akamenya ko ukwiye gupimwa kandi/canke ukwiye kuja kwa muganga. Kuvugana canke kubonana na muganga mu buhinga bwa none navyo nyene urahirwa. Ntibizoba bikenewe ko wirihira igipimo canke ibindi bikorwa bijanye.

Bizogenda gute ni nasanga bikenewe ko mvurwa COVID-19?

Vyoba vyiza [usavye kuza urafashwa n'ishirahamwe](#) ritegekaniriza ingwara MaineCare. Kandi, nimba uherutse gutakaza uburenganzira bwo kuvuzwa n'ishirahamwe ritegekaniriza ingwara bivuye ku vyahindutse mu kazi, urashobora kuronka uburenganzira bwo kuronswa imfashanyo y'amahera igufasha kugura asiransi y'ugutegekaniriza ingwara biciye mw'isoko ry'ugutegekaniriza ingwara ryegukira Reta ya Amerika (federal health insurance Marketplace). Nimba ugomba kuraba ivyo ushobora guhitamwo, usabwe kubisoma kuri uri rubuga www.CoverME.gov.

Bigenda gute iyo umuntu yamaze gupimwa COVID-19 kandi agahabwa urupapuro rwerekana amafaranga ariha?

Ugutegekaniriza ugupima ingwara ya COVID-19 ku bantu batari mw'ishirahamwe na rimwe ritegekaniriza ingwara vyatanguye kubaho itariki 18 Ntwarante 2020. Ukwiye kwandika ikete ryo kubisaba kugira umenye ko ugifise uburenganzira bwo kurahirwa ico gipimo. Ufise ikiringo c'amezi agera kuri atatu kuva ku musi wipimishijeko, kugira ube wasavye uko kurahirwa. Nk'akarorero, nimba wipimishije itariki 30 Ntwarante 2020, ikiringo co gusaba no kwemererwa kurahirwa ico gipimo kizohera itariki 30 Ruheshi 2020. Aya mahirwe yo kurahirwa ico gipimo azoherana n'umusi wanyuma w'ibi bihe bidasanzwe igihugu cugarijwe n'umugera wa koronavirusi. Mugabo n'inyuma y'uwo musi wanyuma w'ibi bihe bidasanzwe, tuzobandanya twiga ama dosiye y'abasaba kurahirwa.

Ni wasaba uku gutegekaniriza gupima iyo ngwara hanyuma ukavyemererwa, usabwe kuzoca urondera umuvuzi wawe kugira arihishe amahera y'igipimo ca COVID-19 ishishirahamwe ryo gutegekaniriza ingwara MaineCare, kandi ntasubire kukurisha haba kubijanye n'igipimo canke ayandi ma seruvisi bijanye. Nimba waramaze kuriha amahera y'igipimo, bisabwa ko uzoca usaba uwagupimye akagusubiza amafaranga yawe hanyuma umusabe kurishisha MaineCare kugira imurihe amafaranga ahuye n'ico gipimo.

Bizogenda gute ni vyashika nkavurwa ibindi bintu mu gihe nzoba ndiko ndapimwa COVID-19?

Ni vyashika ukaronka ayandi ma seruvisi ataho ahuriye n'ugupima COVID-19, uvuriro rirashobora kuzoyakurishisha.

Basaba gute ugutegekanirizwa kujanye n' igipimo ca COVID-19?

Biroroshe gusaba ugutegekaniriza kujanye n'igipimo ca COVID-19 ! Bisabwa ko wuzuzwa [urupapuro rwo gusabirako](#) usanga ku rubuga ngurukana bumenyi rw'ibiro bifasha imiryango kuba imiryango yishoboye (OFI).

Ushobora kwuzuzwa urwo rupapuro rwo gusaba kurahirwa uciye kuri urwo rubuga canke ukabanza ugasohozwa urwo rupapuro, ukarwuzuzwa n'iminwe. Ushobora kurungikira urwo rupapuro MaineCare ubicishije kuri email, kuri Posita, canke ukabirungika ukoresheje ubuhinga bwa Fax. Nimba udashobora kuronka uburyo bwo gukoresha ubuhinga ngurukana bumenyi, saba aho wavuriwe bagusohorere urupapuro rwo gusabirako kurahirwa.

Nimba wipfuzwa gusaba MaineCare ugutegekaniriza ingwara kwerekeye ingwara nyinshi zitandukanye, usabwe kwuzuzwa urupapuro rugira kabiri kugira umenyeshe ibijanye n'umahera winjiza hamwe

n'amatungo ufise. Urashobora guhamagara ishira hamwe rifasha abantu kuronka amakuru yerekeye amashira hamwe y'ugutegekaniriza ingwara azimbutse (CAHC) kuri 1-800-965-7476 kugira uronke inyishu ku bibazo ufise wongere ufashwe mu bijanye no gusaba kuba umunywanyi w'ishira hamwe ry'ugutegekaniriza ingwara. Biragufasha kandi kumenya amashira hamwe atandukanye y'ugutegekaniriza ingwara ushobora kujamwo.

Urupapuro rwo gusaba ruhejeje kuzuzwa ruca rurungikwa hehe?

Ushobora kurungika urwo rupapuro mu buryo bukurikira.

Ubicishije muri posita:

Iburo bifasha Imiryango kuronka uburyo bwo kuba Imiryango Yishoboye
Reta y'i Maine-DHHS
114 Corn Shop Lane
Farmington, ME 04938

Email: farmington.dhhs@maine.gov

Fax: 1-207-778-8429

Umenya gute ko ivyo wasavye wavyemerewe?

Ni basanga ufise uburenganzira bwo kurahirwa amafaranga y'igipimo ca COVID-19 hamwe n'ibindi bikorwa bijanye, uzobimenyeshwa ko wemerewe kandi ko wanditswe mu murwi w'abafashwa n'umugambi Rx ujanye no gutegekaniriza ingwara muri Reta ya Maine. Maine Rx ni umugambi ufasha umurwayi kuriha imiti yandikiwe. Muri uno murwi, turiko twandika abantu basanzwe batari mw'ishira hamwe ritegekaniriza ingwara na rimwe kugira dushobore kubaronsa ugutegekaniriza ingwara mu maguru masha. Niyo wandikwa muri uno mugambi, uzoba kandi uronse uburenganzira bwo kugabanirizwa amahera uriha imiti n'ibikoresho vyo kwa muganga ukoresheje ikarata Maine Rx card.

Niyo wuzuza impapuro zose uko ari zibiri, ugutegekaniriza ingwara gutangwa na Mainecare kuzoca gusubira kwihwezwa kandi uzomenyeshwa ingingo yafashwe. Niyo bakwemerera ivyo wasavye, itangazo ribikumenyeshya rizokubwira itariki ugutegekaniriza ingwara kwa MaineCare kuzotangurira. Ni bakwankira naho kukuronsa asiransi y'ugutegekaniriza ingwara ya MaineCare, itangazo rizokumenyeshya igituma utayironkejwe.

Nohamagara nde ninaba mfise ibibazo?

Nimba ufise ibibazo kubijanye no gusaba ugutegekanirizwa amahera yo kuriha igipimo ca COVID-19, usabwe guhamagara Iburo bifasha imiryango kuba imiryango yishoboye (OFI) kuri 1-855-797-4357. Abafise ibibazo vyo kwumva canke vyo kuvuga bakoresha ubuhinga bubafasha kwandika ubutumwa mu gihe bariko baravugana n'umuntu (TTY users) basabwe guhamagara kuri numero 711.

Ukaba ufise ibibazo vyerekeye ama seruvisi urahirwa, usabwe guhamagara igisata kiraba ivy'ama seruvisi ahabwa abanywanyi ba MaineCare kuri 1-800-977-6740. Abafise ibibazo vyo kwumva canke vyo kuvuga bakoresha ubuhinga bubafasha kwandika ubutumwa mu gihe bariko baravugana n'umuntu (TTY users) basabwe guhamagara kuri numero 711.